


Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Pamimpin
Bait Suci
Nepungan
Yesus



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Nalika Isa angkat ka Bait Allah dina hiji
poe, Anjeunna mendakan jalma-jalma
ngahina Bait Allah. Maranehna ngajual
sato jeung nukeur duit di Bait Allah!



Yesus ngusir tukang dagang ti Bait Allah nganggo pecut tina tali. "Geura bongkar barang-barang ieu," paréntahna. "Ulah ngajadikeun Imah Rama tempat usaha." Yesus mikanyaah Imah Rama-Na.






Pamingpin-
pamingpin menta
tanda pikeun
nembongkeun yen
Yesus teh boga hak
ngabersihkeun Bait
Allah. "Pek ancurkeun
ieu Bait Allah, ku
Kami rek diadegkeun
deui dina tilu poe,"
waler Yesus. Mustahil!
Bait Allah teh aya
opat puluh genep
taun mah pikeun
ngawangunna.



Nanging Yesus teh keur
nyarioskeun perkawis awak-Na.
Sapertos Bait Allah, awak-Na
teh mangrupikeun tem-
patna Gusti. Sanaos
Yesus bakal maot dina kayu
salib Anjeunna terang yén
Gusti bakal ngangkat
Anjeunna tina kama-
otan dina dinten
nu katilu.





Peutingna, salah saurang pamingpin Bait Allah nepungan Yésus. Anjeunna terang ku mujijat-mujijat yén Yesus diutus ku Gusti. Nikodémus datang ka Yésus pikeun leuwih jéntré perkawis Gusti.






Yésus ngomong ka
Nikodémus yén jalma-
jalma kudu dilahirkeun
deui pikeun asup kana
Karajaan Gusti.
Nikodemus teh teu
ngartieun. Kumaha
jalma dewasa tiasa
janten orok deui?
Padahal mah,
anjeunna teh ngarti
pisan kana agama.
Naha éta
henteu cekap?





"Anu dilahirkeun tina roh nyaéta roh," saur Yesus. "Roh Gusti teh ibaratna angin. Jalma teu ningali atawa ngarti angin. Aranjeunna ngan ukur ningali naon anu dipidamel ku angin."







Yésus ngingetkeun Nikodémus ka urang Israil nu geus lila ngageuri ka Musa. "Kami teu boga dahareun, euweuh cai, sarta kami ijid ka roti anu dipasihhan ku Gusti," aranjeunna ngagorowok.





Dosa rahayat ngamurka Gusti.
Anjeunna ngirimkeun oray
seuneu di antara maranehana.
Oray ngegel jalma.
Loba pisan nu maot.




"Urang-urang teh jalma dosa. Geura neneda ka GUSTI ambeh nyandak oray-oray ieu," jalma-jalma teh pada ngarayuan. Ku kituna Musa ngadoakeun maranéhna. Nanging Gusti henteu nyandakan eta oray.




Gusti nitah Musa sangkan nyieun oray seuneu jeung nempatkeun kana tihang. "Sing saha anu digegel bakal hirup nalika ningali oray dina tihang," jangji Gusti. Musa nyieun oray tambaga jeung saha wae nu nempo eta cageur.






Yesus nyarios ka Nikodemus yén Putra



Manusa kedah diangkat
sapertos oray parunggu.
Yesus nyarioskeun salib
dimana Anjeunna
bakal maot pikeun
jalma-jalma dosa.





Ceuk Yésus, "Gusti teh kacida mikaasihna ka dunya nepi ka maparinkeun Putra Tunggal-Na, supaya sing saha anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng."






Ieu ngandung harti yén
sakur anu percaya ka
Yesus lahir ka
kulawarga Gusti.



Meureun Nikodémus teu jadi murid Yésus peuting éta. Tapi sababaraha taun ti harita, Nikodémus némbongkeun yén manéhna mikanyaah jeung percaya ka Yésus ku cara mantuan ngubur Putra Gusti nu disalib.



Sanggeus kitu, Isa jeung murid-murid-Na indit ka kaler. Jalma-jalma séjén kudu ngadéngé perkawis Karajaan Gusti, sarta boga kasempetan pikeun percaya ka Yésus urang Nasarét, Putra Allah.



Pamimpin Bait Suci Nepungan Yesus


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Yohanes 2-3, Bilangan 21

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





| 41

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

